# «Шато Атени» - Гуры муниципалитеты ног сæны ныггæнд байгом

15 Майрæмты мæй 2016

Гуры муниципалитеты хъæу Атены, сæны ног ныггæнд байгом ис. Презентацийы бынæттон хицауадимæ иумæ Шида Картлийы губернаторы хæстæ æххæстгæнæг Иосиф Окромелидзе æмæ сæны националон агенства æмæ туризмы администрацийы бæрнонтæ дæр истой хайад. Иосиф Окромелидзейы ныхасмæ гæсгæ, – ног ныггæнд йæ къух сараздзæн Атены комы туризмы размæцыдæн. «Шато Атени» - стимулæй уыдзæн бынæттонтæн, цæмæй аналогион амалиуджытæ самайой. Снысан кæнинаг у, цæмæй ног ныггæнды ис фадат сæн æмæ арахъ бынатыл ацаходын. Традиционæй арæзт дегустацион уаты уазджытæн гуырдзийаг фынг дæр æвæрынц.